



Pou Piblikasyon Imedya: 21/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI KONEKTÈ HIGH LINE-MOYNIHAN SOU BÒ LWÈS MANHATTAN

*Chemen wo 600 pye a ajoute nouvo pon an bwa ak tenb, ki konekte nouvo espas piblik ak transpò piblik ki alantou Moynihan Train Hall*

*Dènnye adisyon nan High Line nan ap ouvri pou piblik la demen 22 jen*

*Foto yo disponib [isit la](#); Videyo akselere sou konstriksyon pon an [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti nouvo konektè High Line - Moynihan, yon nouvo chemen wo enpresyonan pou pyeton nan kè Manhattan, avèk Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey), Brookfield Properties ak Friends of the High Line. Konektè a relye nouvo espas piblik ak transpò piblik ki alantou Moynihan Train Hall ak High Line, sa ki pèmèt pyeton yo gen yon chemen san enteripsyon, aksesib epi an sekirite nan tout wout la soti nan West Midtown rive nan West Village la. L ap ouvri ofisyèlman pou piblik la demen 22 jen.

"High Line se yon egzanp eksepsyonèl patenarya piblik-prive efikas, epi dènnye adisyon sa a pral amelyore atraksyon sa a pou Nouyòkè yo ak vizitè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a resous eta a ak efò konbine Friends of the High Line ak Brookfield, Konektè High Line - Moynihan pral ajoute 600 pye nouvo espas ouvè pou transfòme youn nan katye ki pi mouvman nan Vil New York. Pwojè sa a se yon temwayaj pouvwa konsepsyon entelijan, dirab, ki amelyore youn nan pati yo pi renmen nan vil la, epi mwen ankouraje Nouyòkè yo ak vizitè yo pou yo pwofite bèl nouvo espas sa a".

**Direktè Egzekitif Friends of the High Line, Alan van Capelle, te deklare,** "Sa a se yon pwojè ki relye katye yo ak espas piblik yo. Nou te tandè pandan plizyè ane sou jan lari sa yo ki ozalantou antre Tinèl Lincoln lan pa te ospitalye pou moun nan kominote a. Kounye a, konektè a ap bay vwazen nou yo yon chemen ki an sekirite, vèt, ak enspiran ant High Line ak Midtown. Nou rekonesan anpil anvè patnè nou yo nan Eta a, Brookfield Properties ak Depatman Pak ak Lwazi Vil New York paske yo ede nou reyalize vizyon sa a".

**Asosye Direktè Brookfield Real Estate la, Ben Brown, te deklare,** "Konektè High Line - Moynihan se yon gwo avansman transpò pou Vil New York ak yon etap enpòtan

nan evolisyon nouvo katye Manhattan nan. Non sèlman li relye kominote yo, men tou li konekte ak elaji kèk nan espas piblik ki pi enteresan New York yo nan High Line ak Manhattan West Plaza. Gouvènè Hochul ak ESD merite gwo kredi paske yo reyalize sa, epi nou remèsye Friends of the High Line ak patnè konsepsyon ak konstriksyon nou yo pou wòl enpòtan yo".

Konsepsyon High Line ki gen fòm L ak 600 pye longè a - Konektè Moynihan te kòmanse an fevriye 2021 epi pwojè a te kòmanse an fevriye 2022, li te fini konstriksyon an nan apèn 18 mwa. Konektè a gen de seksyon diferan: yon pon an bwa (Woodland Bridge) 340 pye ki pase anlè West 30th Street soti nan tèminal High Line nan Spur ak yon pon an tenb (Timber Bridge) 260 pye, yon blòk longè, ki te konstwi ak yon sèd jòn ki soti Alaska, ki kouvri nò pa anlè Dyer Avenue nan direksyon pou plas pyeton Magnolia Court ki sou kote Manhattan West. Pwojè a gen ladan tou gwo amelyorasyon nan sekirite lari a, ki gen ladan nouvo siyal pou pyeton, limyè sikilasyon, twotwa, zile refij ak gwo jadinyè.

Konektè a se rezilta yon patenarya piblik 50 milyon dola ki te etabli an 2021 pami Friends of the High Line, Empire State Development, ak Brookfield Properties, ki pase anlè pwopriyete Otorite Pòtyè New York ak New Jersey posede. Nan kad patenarya twa pati a, ESD te kontribye 20 milyon dola, Brookfield te kontribye 20 milyon dola, ak Friends of the High Line te kontribye 10 milyon dola nan pwojè a. Konsepsyon inovatè pwojè a se te yon kolaborasyon Skidmore, Owings & Merrill (SOM) ak James Corner Field Operations. Empire State Development posede konektè a epi Friends of the High Line pral opere ak antreteni l, avèk sipèvizyon antretyen estriktirèl AECOM.

High Line 2.4 kilomèt la se yon pak piblik ki fonksyone anba yon akò lisans epi avèk patenarya Depatman Pak ak Lwazi Vil New York la, ki te rann pak la posib.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Konektè High Line-Moynihan lan demontre pwogrè pozitif ki ka reyalize lè sektè piblik, prive, ak sektè ki san bi likratif yo pouswiv patenarya pwodiktif. Pwojè ki amelyore domèn piblik la se yon investisman nan avni New York, epi gras ak sipò Gouvènè Hochul, Konektè High Line-Moynihan lan pral non sèlman benefisye vwayajè, rezidan ak vizitè yo, men tou pral ankouraje plis devlopman ekonomik nan Bò Lwès Manhattan (Manhattann's West Side)".

**Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, Rick Cotton, te deklare,** "Nan kreye bèl nouvo espas ouvè pandan l ap konekte kominote ki alantou a ak transpò piblik, konektè High Line - Moynihan lan sèvi kòm yon egzanp briyan sou sa ki ka akonpli atravè yon patenarya piblik-prive. Otorite Pòtyè a fyè pou l fè patenarya ak eta a, Friends of the High Line, ak Brookfield Properties pou fè pwojè enteresan sa a vin yon reyalyte".

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Pandan plis pase de deseni, mwen te fè presyon pou revitalizasyon ekonomik Bò Lwès Manhattan atravè investisman enpòtan nan transpò piblik, espas piblik, ak lòt ekipman pou Nouyòk yo. Mwen tèlman kontan ke de eleman enpòtan nan renesans Bò Lwès, High Line ak

Estasyon Tren Moynihan, entèkonekte kounye a kòm yon pati nan rezo transpò klas mondyal New York ki transpòte plizyè milyon Nouyòkè nan tren ak a pye chak jou. Sa a se planifikasyon iben entèlijan ak avanse nan nivo pi rafine li, epi mwen felisite tout patnè piblik ak prive nou yo ki te fè gwo etap enpòtan sa a vin posib".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Li enpòtan anpil pou pyeton yo gen aksè fasil ak sekirite nan transpò piblik lè y ap navige nan kè Manhattan. Ouvèti konektè sa a pral ede yon pakèt pyeton navige nan Manhattan san danje epi bay aksè fasil ant espas piblik ak transpò piblik. Mwen fyè pou m sipòte efò Gouvènè Hochul ap fè pou elaji aksè pou pyeton yo epi amelyore sekirite pyeton pou Nouyòkè yo ak vizitè yo".

**Reprezantan Jerrold Nadler te deklare,** "Ouvèti Konektè High Line - Moynihan jodi a se yon adisyon transfòmasyon nan Bò Lwès la, ki bay pyeton yo yon altènativ ki an sekirite ak dirèk sou lari anba ki gen blokis yo", Manm Kongrè Nadler te deklare. "Mwen te goumen pou High Line depi kòmansman li, epi nouvo koneksyon sa a pral asire pak la rete yon gwo atraksyon pou Nouyòkè yo ak touris yo".

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "Konekte Moynihan Train Hall ak High Line, de senbòl konsepsyon iben modèn ak dirab nan Bò Lwès la, pral ranfòse devlopman ekonomik nan distri mwen an epi ede ankouraje espas piblik ak transpò piblik pou vil la. Mwen remèsye zanmi nou yo nan High Line, Brookfield Properties, Empire State Development, ak Gouvènè Hochul paske yo te pèmèt fini pwojè sa a. Pwojè sa a se rezilta yon patenarya piblik-prive ki gen siksè - epi li pral kontribiye nan yon New York ki pi vèt, pi dirab, ak pi bèl".

**Manm Asanble Tony Simone te deklare,** "Lavni kwasans nan Manhattan se nan Bò Lwès la, epi nou bezwen asire enfrastrikti a toujou swiv demann lan. Konektè High Line-Moynihan lan pral pote yon nouvo koneksyon inik pou pyeton ki pral non sèlman amelyore domèn piblik la, men tou ki pral kreye nouvo koneksyon pou pyeton k ap deplase nan katye a".

**Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare,** "Relye youn nan pak ki pi inovatè nan istwa ak sant transpò ki pi mouvman nan peyi a se yon siy angajman vil nou an pou konekte pi bon nan New York. Investisman sa a nan espas ouvri se yon bagay transfòmasyon pou sa ki depi lontan te youn nan twonson ki mwens adapte pou pyeton nan Manhattan. Konektè a anonse yon nouvo epòk pou aksè nan bò lwès la".

###

Lèt nouyèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)